Pou Piblikasyon Imedya: 29/09/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV POU FÒME PLIS PASE 1,000 TRAVAYÈ POU ENSTALE TEKNOLOJI BATIMAN VÈT YO POU KONBAT CHANJMAN KLIMATIK

Anons "Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv" la gen ladan nouvo patenarya Inisyativ Devlopman Mendèv NYSERDA ak City College of New York

Pwogram fòmasyon sou efikasite nan enèji a pral etabli yon mendèv puo ede dekabonize batiman rezidansyèl ki gen plizyè fanmi yo nan NYC

Efò yo priyorize Nouyòkè ki gen revni ba yo ak kominote jistis anviwònmantal yo an sipò ajanda pou enèji pwòp ak djòb ak wout pou yon ekonomi net an kabòn Eta a ki se lidè nan nasyon an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwogram Patenarya Fòmasyon pou Karyè Pwofesyonèl (Career Pathway Training Partnerships) yo nan teknoloji ki wotman efikas pou chofaj, vantilasyon ak klimatizasyon, ak ponp chofaj elektrik pou prepare Nouyòkè yo pou kantite opòtinite djòb ki ap ogmante nan endistri enèji pwòp la. Patenarya yo pral sible plis pase 1,000 travayè epi yo pral priyorize popilasyon ki pi defavorize Eta a yo, gen ladan Nouyòkè yo ak sila yo ki rezide nan kominote jistis anviwònmantal yo, nan ede yo sipòte repriz ekonomik Eta a. Anons jodi a sipòte tou ajanda enèji pwòp ak djòb Gouvènè Cuomo a ki se lidè nan nasyon an nan kad "Semèn Sansibilizasyon sou Devlopman Mendèv" la epi li fè avanse pwogrè New York la pou yon ekonomi net an kabòn jan yo prezante sa nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act) a.

"Devlope enèji pwòp la pral yon faktè enpòtan nan efò New York yo pou rebati pi byen ak konbat chanjman klimatik", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Envestisman ak patenarya sa yo prale ede nou ogmante kantite travayè kalifye yo pou satisfè demann ki ap ogmante nan sektè a, pandan nou ap asire ke kominote defavorize yo benefisye dirèkteman ak patisipe nan efò nou yo pou fè batiman yo pi sen ak pi efisyan atravè solisyon enèji pwòp inovan yo."

"Inisyativ Devlopman Mendèv istorik Eta nou an se pou asire nou ke siksè pwofesyonèl aksesib ak enklizif pou tout Nouyòkè yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kòm nou ap rebati pi byen, envestisman sa yo nan fòmasyon pwofesyonèl ak plasman pwofesyonèl pral enpòtan pou ede plizyè milye Nouyòkè ranpli djòb enèji pwòp yo ki pral kreye yon avni ki pi pwòp ak pi vèt apre pandemi an pou New York."

Endistri enèji pwòp la pwouve ke li se yon kondiktè ekonomik fò, nan depase kwasans mendèv nasyonal la pa prèske de fwa to anvan COVID epi li pral gen yon wòl esansyèl nan kreye aktivite ekonomik akoutèm ak alontèm pou ede ekonomi lokal yo leve anba pandemi an. Avèk enèji yo itilize pou chofe ak refwadi batiman yo ki konte pou 37 pousan nan konsomasyon enèji nèt ak 32 pousan nan tout emisyon gaz ki gen efè sè ki baze sou konbistib fosil nan Eta New York, adopsyon jeneralize teknoloji chofaj ak refwadisman pwòp yo enpòtan pou akonpli lwa sou klima Eta a ak direktiv li a pou atenn yon ekonomi ki net klimatikman disi 2050. Malgre demann ki ap ogmante pou sèvis enèji pwòp yo nan tout Eta a, anpil moun ki ap enstale chofaj, vantilasyon, ak klimatizasyon (Heating, Ventilation, and Air Conditioning, HVAC), operatè chodyè yo ak lòt travayè metye enèji pwòp yo pwograme pou yo pran retrèt pandan 10 pwochen ane yo. Mendèv metye batiman ki ap diminye a, ansanm avèk difikilte anpil konpayi HVAC deja genyen pou yo konble pòs vid djòb yo, gen kòm rezilta yon vid ki ap ogmante nan mendèv HVAC a ak yon bezwen kwasan pou fòme pwochen jenerasyon antreprenè kalifye epi ki gen talan yo pou ranpli wòl sa yo.

Anons 8.5 milyon dola jodi a nan envestisman pou fòmasyon mendèv sipòte tou mezi Semèn Klima Gouvènè Cuomo a pou redwi idwoflyowokabi (hydroflourocarbons, HFC) yo, yon gaz ki gen efè sè pisan yo itilize nan refrijeran, nan kad nouvo règleman yo ansanm ak Defi Inovan HVAC Pwochèn Jenerasyon (Next Generation HAVC Innovation Challenge) pou 3 milyon dola a pou devlope ak ogmante refrijeran ki apwopriye pou anviwònman an san HFC yo.

Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Envestisman sa yo nan mendèv alavni yo pral sipòte founisè fòmasyon yo nan efò yo pou atire ak fòme travayè yo nan efikasite enèji ak konekte yo avèk karyè yo ak eksperyans travay ki mennen nan plasman pwofesyonèl nan karyè efikasite enèji ki byen peye yo. Pandan ke Otorite Devlopman Enèji ak Rechèch Eta New York la (New York State Energy and Research Development Authority, NYSERDA) a ap kontinye travay pou reyalize objektif klima ak enèji Gouvènè Cuomo yo ki se lidè nan nasyon an, nou rekonèt enpòtans yon patenarya tankou sila a avèk CUNY nan ede amelyore mendèv 21yèm syèk la pou karyè ki ap ogmante yo nan ekonomi vèt la".

Jere pa NYSERDA a nan kad Inisyativ Devlopman Mendèv istorik Gouvènè Cuomo a, pwogram Patenarya Fòmasyon Pwofesyonèl la ap chèche fòme founisè yo pou ofri pwogram fòmasyon teknik ki gen nivo debitan, ki pratik, ki atire ak devlope yon rezèv talan nan HVAC ki soti nan elèv lise yo, jèn ki pa lekòl yo, ak granmoun ki nan chomaj oswa ki nan souzanplwa yo, epi yo pral ede satisfè bezwen biznis travayè biznis HVAC yo. Opòtinite sa a vize òganizasyon yo ki oswa ofri kou fòmasyon HVAC ki wotman efikas ki mennen dirèkteman nan plasman pwofesyonèl oswa nan plis fòmasyon, sètifikasyon oswa diplòm teknik ki pi avanse; ofri pwogram fòmasyon aktyèl yo ak sila yo ki ap etann teknoloji ponp chofaj epi ki pi santre sou popilasyon priyoritè yo; epi ki angaje pou etabli patenarya avèk biznis yo ki pral ofri fòmasyon nan travay, estaj ak aprantisaj yo.

Anba apèl dòf konpetitif sa a, NYSERDA a pral akòde jiska 550,000 dola pou founisè fòmasyon yo chwazi yo. Yo egzije founisè ki ap chèche montan finansman maksimòm yo pou yo fòme yon minimòm 50-60 etidyan avèk omwen 80 pousan nan moun ki fòme sa yo plase nan yon djòb, estaj oswa aprantisaj. Anplis de sa, yo egzijje moun ki fè pwopozisyon yo pou yo genyen omwen 50 pousan nan moun ki nan pwogram yo a soti nan yon popilasyon priyorite: veteran yo, ameriken natif natal yo, moun ki gen andikap yo, moun ki gen revni ba yo, travayè santral elektrik ki deplase yo, ansyen prizonye yo, ak Nouyòkè yo ki abite nan kominote jistis anviwònmantal ak kominote ki defavorize yo. Yo pral akòde sibvansyon yo an kòdinasyon avèk Biwo Devlopman Mendèv Gouvènè (Governor's Office of Workforce Development) a ak ajans patenè Inisyativ Devlopman Mendèv yo, SUNY, CUNY, Depatman Travay (Department of Labor, DOL) NYS la, ak Empire State Development (ESD).

Yo te anonse jodi a tou yon akò ant NYSERDA a ak City College of New York (CCNY) pou yo aplike yon pwogram fòmasyon pèmanan pou devlopman mendèv nan efikasite enèji pou West Harlem Group Assistance, Inc. (WHGA). Nan pwogram lan, CCNY pral ede fòme jiska 10 espesyalis fòmasyon alontèm nan teknoloji efikasite enèji, dyagnostik an tan reyèl ak analiz itilizasyon, ak optimizasyon pèfòmans pou tout sistèm mekanik ak enjeniri ke yo ap itilize nan batiman WHGA yo atravè Vil New York. Yon fwa li konplètman operasyonèl, yo prevwa ke nouvo pwogram CCNY la ap abouti nan pwogram efikasite enèji pou 250 anplwaye, patenè ak lokatè WHGA yo. Kòm rezilta fòmasyon sa a, yo prevwa ke plis pase 70 batiman ki gen plizyè fanmi nan pòtfèy WHGA a ap bay avantaj nan ekonomize jiska 15 pousan nan depans enèji anyèl yo.

Prezidan City College of New York la, Dr. Vincent Boudreau te deklare, "City College of New York la kontan anpil pou li travay avèk NYSERDA a. Nou kontan anpil pou opòtinite a pou travay kòtakòt avèk NYSERDA pou devlope yon mendèv ki sipòte ajanda klima ak enèji pwòp Gouvènè Cuomo a. Sa se yon gwo platfòm kote nou ap kòmanse yon nouvo epòk nan patenarya".

NYSERDA a ap bay plis pase 230,000 dola pou efò CUNY sa a atravè Pwogram Fòmasyon sou Devlopman Mendèv pou Operasyon ak Mentnans Batiman (Building Operations and Maintenance Workforce Development Training) an, ke yo finanse atravè Inisyativ Devlopman yon milyon Mendèv Gouvènè a, epi yo kowòdone li avèk Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York yo. Pwogram sa a ede anplwayè yo epi pwopriyetè batiman yo devlope pwojè fòmasyon yo ki kreye estrateji edikatif, kad fòmasyon sou plas, ak zouti yo bezwen pou fè avanse konpetans travayè operasyon ak mentnans batiman yo ak prepare nouvo travayè ki ale pi lwen pase fòmasyon konvansyonèl nan sal klas yo. Yo prevwa ke travayè ki fòme atravè pwogram CUNY an ap rive nan espesyalis djòb enèji ki pèmanan oswa ap travay avèk fim achitekti ak enjeniri yo, kabinè fim konsiltasyon sèvis enèji yo, oswa avèk Depatman Sèvis Administratif pou Tout Vil / Divizyon Jesyon Enèji (Department of Citywide Administrative Services / Division of Energy Management) Vil New York.

Anplis de sa, NYSERDA a ak 32 BJ Training Fund (Fon Fòmasyon 32 BJ) ap travay sou plizyè inisyativ aktyèl ki te fòme plizyè santèn manm yo a sou pi bon pratik nan batiman ak operasyon yo epi menm jan ak City College, fòmasyon 32 BJ a te santre sou batiman ki gen plizyè fanmi yo, pou ogmante efikasite enèji, ak amelyore konfò rezèv lojman enpòtan sa a. Jiska prezan, pwogram devlopman mendèv NYSERDA a te sipòte 24 pwojè yo konsevwa pou bati nouvo kapasite fòmasyon, epi atravè pwojè sa yo, yo pral fòme plis pase 7,000 travayè nouvo ak aktyèl, nan priyorize elektrifikasyon ak efikasite enèji.

Plan Klima Nasyonal Eta New York la

Pwogram klima nasyonal Gouvènè Cuomo a se inisyativ klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki jis nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lwa atravè Lidèchip Klima ak Lwa pou Pwoteksyon Kominotè a, New York sou yon chemen pou reyalize objektif mandate li a nan yon sektè elektrisite zewo emisyon kabòn disi 2040, ki gen ladan 70 pousan jenerasyon enèji renouvlab disi 2030, ak pou atenn netralite kabòn nan echèl ekonomi an. Li fonde sou akselerasyon san presedan enèji pwòp New York la ki gen ladan envestisman 3.9 milya dola nan 67 pwojè enèji renouvlab ak gran echèl toupatou atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn bò 2035, ak 1,800 pousan kwasans nan sektè enèji solè ki distribye depi 2011.

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New Yokr pral bati sou pwogrè sa a epi redui emisyon gaz efè de sè nan 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 lè nou rive nan 2050 pandan y ap asire ke omwen 35 pousan avèk yon objektif 40 pousan nan avantaj ki genyen nan envestisman enèji pwòp pou benefisye kominote defavorize yo ak avanse pwogrè nan direksyon sib efikasite enèji eta a nan 2025 pou diminye konsomasyon enèji sou sit pa 185 TBtus.

Konsènan NYSERDA

NYSERDA, yon kòporasyon enterè piblik, ofri enfòmasyon ak analiz objektif, pwogram inovasyon, espètiz teknik, ak finansman pou ede moun New York ogmante efikasite enèji, ekonomize lajan, itilize enèji renouvlab, epi diminye depandans yo sou kabiran fosil. Pwofesyonèl NYSERDA yo travay pou pwoteje anviwònman an epi kreye anpil djòb enèji pwòp. NYSERDA ap devlope patenarya pou fè avanse solisyon enèji inovan yo nan Eta New York depi 1975. Pou aprann plis sou pwogram NYSERDA a ak opòtinite finansman, vizite nyserda.ny.gov oswa suiv nou sou Twitter

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU